

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Hasil anu kapaluruh tina ieu panalungtikan nya éta ngeunaan kaayaan kasenian angklung buncis di Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan, struktur pintonanna, unsur sémiotik dina éta kasenian, jeung larapan hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA. Téori anu digunakeun nya éta sémiotik model Roland Barthes. Anapon métode nu digunakeunana déskripstif analitik, pamarekan kualitatif, kalayan stratégi étnografi. Ngagunakeun téknik talaah pustaka, obsérvasi, wawancara, dokuméntasi jeung catetan lapangan pikeun ngadéskripsikeun hasilna.

Kaayaan kasenian angklung buncis asalna ti Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan. Istilah buncis dina kasenian angklung buncis boga harti budaya urang nurutkeun cara ciri sisaka rupa. Kasenian angklung buncis geus aya di Cigugur ti taun 1969, ieu kasenian téh hasil kréasi seni Pangéran Djati Kusumah. Kasenian angklung buncis di Cigugur mangrupa kasenian anu dipintonkeun dina puncak upacara sérén taun. Dina upacara sérén taun ieu kasenian boga pungsi pikeun ngucap sukur ka Gusti anu Maha Kawasa, mapag Nyi Pohaci, jeung pikeun hiburan.

Struktur dina kasenian angklung buncis nya éta prak-prakan (tatahar, pintonan, jeung panutup), tujuan, waktu, tempat, formasi, gerakan, lagu (syair), waditra jeung busana. Struktur kasenian dina kasenian angklung buncis ti baheula nepi ka ayeuna teu robah.

Dina kasenian angklung buncis téh kapaluruh ayana unsur sémiotik anu dipaluruh maké modél Roland Barthes, nya éta tanda, tilu rupa hubungan tanda (hubungan simbolik, hubungan paradigmatis, jeung hubungan sintagmatik), basa wicara jeung budaya, jeung *signification*.

Hasil panalungtikan ngeunaan struktur-sémiotik dina kasenian angklung buncis di Kalurahan Cigugur Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan téh bisa dijadikeun salah sahiji alternatif bahan pangajaran basa Sunda, hususna di SMA

Tita, 2015

KASENIAN ANGKLUNG BUNCIS DI KACAMATAN CIGUGUR KABUPATÉN KUNINGAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kelas XII anu diluyukeun jeung SKKD pangajaran basa Sunda dina materi ngeunaan bahasan. Ku kituna, déskripsi ngeunaan hasil panalungtikan bisa dilarapkeun salaku salah sahiji materi dina pangajaran maca bahasan ngeunaan kasenian angklung buncis.

5.2 Rékoméndasi

Sawatara rékoméndasi disusun pikeun pihak-pihak anu aya patali jeung ieu panalungtikan. Eta pihak-pihak ték nya éta: mahasiswa, guru, siswa, masarakat, jeung lembaga-lembaga kasenian. **Mahasiswa**, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh ngeunaan kasenian tradisional, sarta bisa jadi référénsi dina panalungtikan-panalungtikan nu sarupa, boh panalungtikan kasenian angklung buncis, boh kana kasenian séjénna. Lantaran dina ieu kasenian ogé loba kénéh hal anu bisa ditalungtik. Ku kituna, para mahasiswa bisa ngalakukeun panalungtikan kana ieu kasenian tina jihat sawangan séjénna. **Guru**, dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina ngamekarkeun alternatif bahan pangajaran maca bahasan. **Siswa**, dipiharep bisa mikawanoh kana kasenian tradisional anu aya disabudeureunnana. **Masarakat**, ieu panalungtikan ogé bisa jadi salah sahiji sarana pikeun masarakat mikawanoh kana kasenian tradisional anu aya di tatar sunda, contona kasenian angklung buncis. **Lembaga-lembaga kasenian**, dipiharep sangkan leuwih bisa ngainventarisir kana budaya, khususna kana kasenian tradisional anu aya di daérah.